# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–11 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भिन्नहीं गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में जनता दरसन क आयोजन कइ के लोगिन से मुलाकाति कइलें अउर उनकर समेस्या सुनि के अधिकरियन के जल्दिये निपटारा क निरदेस दिहलें। येह दौरान मुख्यमंत्री गम्हिराहे बेमारियन के इलाज में आरथिक मददि क गुहार लगावे पहुंचल लोगिन के भरोसा दिहलें कि सरकार हर जरूरतमंद मनई के इलाज में मुख्यमंत्री विवेकाधीन कोस से पुरहर सहायता रासि उपलब्ध कराई।

**********

न्यायमूर्ति संजीव खन्ना आजु भारत क 51वें मुख्य न्यायाधीस के तौर पर सपथ लिहलें। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू राष्ट्रपति भवन में एगो समारोह में ओन्हें मुख्य न्यायाधीस के रूप में सपथ दियवलीं। न्यायमूर्ति संजीव खन्ना न्यायमूर्ति डीवाई चन्द्रचूड़ क जगहि लिहले हवें, जवन काल्हि रिटायर हो गइलें। येह समारोह में उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, कई गो केंद्रीय मंत्री अउर सर्वोच्च न्यायालय क न्यायाधीस के ले के अउरियो लोगि सामिल भइलें।

**********

एयर मार्शल आशुतोष दीक्षित, एओसी–इन–सी सेंट्रल एयर कमांड आजु एयरफोर्स स्टेसन आगरा में भारतीय वायुसेना में सी–दु सौ पंचानबे फुल मोशन सिम्युलेटर सुविधा क उद्घाटन कइलें। सिम्युलेटर पायलटन के सामरिक शिफ्ट, पैराड्रॉपिंग, पैराट्रूपिंग, मेडिकल निकासी अउर आपदा राहति जइसन कई गो मिशन क अनुकरण कइ के करीब यथार्थवादी वातावरण में ट्रेनिंग दिहले में सक्षम बनावे ला। ई सुविधा सामरिक परिवहन विमान सी–दुइ सौ पंचानबे बेड़ा क परिचालन क्षमता के महत्वपूर्ण रूप से बढ़ाई।

**********

उत्तर प्रदेस पीसीएस प्री दुइ हजार चउबीस अउर आरओ–एआरओ प्री दुइ हजार तेइस क परीक्षा एक्के दिन में एक्के पालिये में करवले के मांगि के ले के आजु प्रयागराज में उत्तर प्रदेस लोक सेवा आयोग के कार्यालय के सामने प्रतियोगी परीक्षा क तइयारी कइ रहल नौजवान धरना दे के पदरसन सुरू कइ दिहले हवें। सूचना मिलले ले गुस्साइल नौजवान परदरसन पर अड़ल रहलें जबकि प्रसासन क अधिकारी ओन्हें समझावे में लागल रहलें। पीसीएस प्री दुइ हजार चउबीस परीक्षा सात अउर आठ दिसम्बर के अउर आरओ–एआरओ प्री दुइ हजार तेइस परीक्षा बाइस अउर तेइस दिसम्बर के करावल जाई।

**********

प्रयागराज महाकुंभ दुइ हजार पचीस क तइयारी जोरिया गइल हौ। महाकुंभ क्षेत्र में तैनात अधिकरियन अउर करमचरियन के निर्बाध संचार व्यवस्था उपलब्ध करावे खातिर प्रदेस पुलिस क रेडियो विभाग आजु इण्डियन इंस्टीट्यूट आफ इंफार्मेशन टेक्नोलॉजी इलाहाबाद के साथे समझौता कइले हवे। येह मौका पर पुलिस महानिदेसक दूर संचार डॉक्टर संजय तरडे बतवलें कि महाकुंभ क्षेत्र में बढ़ियां संचार व्यवस्था खातिर पुलिस रेडियो विभाग की ओरि से ग्रिड क स्थापना कइल जा रहल हवे।

**********

प्रयागराज महाकुंभ दुइ हजार पचीस में पहिली बेरि पूरा मेला क्षेत्र के प्रकासमान बनवले रक्खे खातिर चालीस हजार से बेसी रिचार्जेबल बल्ब लगावल जाई। एहसे जो त कउनों कारन से बिजुली चलि गइल त मेला इलाका में अन्हार नाहीं रही।

**********

पनरह नवम्बर के बनारस में मनावल जाये वाली देव दीपावली के मौका पर गंगा क घाट गाइ के गोबर से बनावल गइल दीयन के रोसनी से जगमग होइहें। देव दीपावली पर काशी में बारह लाख दीया बरले क तइयारी हौ। एहमें तीस हजार दीया गाइ के गोबर से बनल होइहें।

**********

ग्रेटर नोएडा के इण्डिया एक्सपो मार्ट में आजु से तेरह नवम्बर ले चले वाला भारत शिक्षा एक्सपो क सुभारम्भ प्रदेस क उच्च शिक्षा मंत्री योगेन्द्र उपाध्याय कइलें। ई एक्सपो दुनिया भर के विश्वविद्यालयन के एक्के मंच पर ले आ के सिक्षा में नवाचार अउर नया सोच के बढ़ावा दिहले क कोसिस हौ।

**********

अजोध्या के कातिक पुन्नवासी मेला के दुसरका फेरा में पंच कोसी पैकरमा क सुभारम्भ आजु दुपहरिया देवोत्थानी एकादसी तिथि पर कड़ेर सुरक्षा के बिच्चे भइल। येह समय पैकरमा राहि पर सरधलुअन क सैलाब उमड़ि पड़ल हवे। ई पैकरमा बिहने दुपहरिया ले चली।

**********

छठ पूजा के बादे अपने गंतव्य के वापिस जाये वाले यात्रियन के सुविधा बदे भारतीय रेलवे की ओरि से कई गो स्टेसनन से स्पेसल ट्रेन चलावल जा रहलि हइनि। येही क्रम में आजु पूर्वोत्तर रेलवे में अलगि–अलगि रूट से तैंतालीस गो बिसेस ट्रेन चलावल जा रहल हइनि।

**********

कुशीनगर जिला के रोमकोला में त्रिवेणी चीनी मिल के पेराई सत्र दुइ हजार चउबीस–पचीस क आजु सुभारम्भ भइल। येह मौका पर कुशीनगर क सांसद विजय कुमार दुबे, विधायक विनय प्रकाश गौंड़, चीनी मिल क महाप्रबंधक के सथहीं अधिकारी–करमचारी अउर किसान मौजूद रहलें।

**********

नासिक के मीना ताई ठाकरे स्टेडियम में आयोजित तिसरा राष्ट्रीय वेटरन स्पोर्ट्स में कुशीनगर जिला के भरवलिया क रहवइया अन्तर्राष्ट्रीय खेलाड़ी बी.एन मिश्र पचहत्तर सालि से बेसी उमिरि वर्ग में हैमर थ्रो अउर डिस्कस थ्रो प्रतियोगिता में स्वर्ण पदक जितले हवें।

**********